



# Rezime Plan pou Amelyorasyon Lekòl Palm Pointe 2022-2023 (Apwouve 25/8/22)

## **Deklarasyon Misyon Palm Pointe:**

Atravè enstriksyon de kalite ki angaje, rijid ak diferansye, Palm Pointe Educational Research School @ Tradition pran angajman ak yon sistèm sipo konpreyansif ak kolaboratif pou TOUT elèv yo. Sa a asire Rocket nou yo konplètman ekipe pou pwochen misyon yo!

**Objektif Amelyorasyon Lekòl 2022-2023:** Si Palm Pointe konsantre sou founi ansèyman ak aprantisaj de bon kalite, fòtifye pratik ekitab, epi adrese eleman pou asire yon lekòl ki an sekirite ki pran swen, lè sa elèv yo pran angaje konplètman ak aprantisaj ki aliye ak pwofondè ak rijidite estanda yo, ki pral mennen nan pwogrè ak yon kilti ak anviwònman pozitif pou tout moun.

**Domèn Konsantrasyon 1: Pratik Enstriksyonèl** – Pwofesè yo ak pwofondi konesans yo de Estanda Florid Benchmarks for Excellent Student Thinking (B.E.S.T.) yo, pwosesis Collaborative Learning and Planning (CLP) lan, epi y ap bay fidbak nou kapab aji sou li ki baze sou done siveyans pwogrè elèv yo.

- **Rezònman:** Nan egzamine man Evalyasyon Estanda Florid spesifik a chak nivo skolè pou Lang Anglè (ELA) ak matematik, osi byen ke fidbak nan men pwofesè yo ak paran yo, li evidan pwofesè yo bezwen devlopman kontinye nan kreye enstriksyon ki baze sou done ki vize bezwen elèv spesifik epi maksimize tan ansèyman. An plis de sa, avèk aplikasyon konplè de Estanda B.E.S.T. yo ak materyèl kourikoulòm ELA ak matematik ke nou fenk adopte, pwofesè yo bezwen sipò nan planifye enstriksyon ki baze sou estanda sèvi ak resous de bon kalite sa yo. Si pwofesè yo kapab fasilman aksede ak entèprete done sou pèfòmans elèv yo, lè sa yo pral pi byen ekipe pou yo idantifye bezwen enstriksyon elèv ki vize yo, epi y ap kapab founi elèv yo ak fidbak konkrè ki gen rapò ak pwèn fò yo ak domèn kwasans yo. Pwofesè yo pral genyen done ak konpetans nesèsè yo pou yo chwazi resous apwopriye, aplike pratik enstriksyonèl diferansye, ak òganize enstriksyon nan ti gwoup. Epi tou pwofesè yo pral kapab gide elèv yo nan fikse objektif ak kontwòle pwogrè ki gen rapò ak estanda yo, epi amelyore responsabiltè akademik sou tan.
- **Plan pou Aksyon:**
  - Lekòl la pral enlipe pwofesè yo nan analiz done kontinye pou enfòmè enstriksyon, jan nou wè nan done evalyasyon eta ki tonbe deyè, done pou siveyans pwogrè FAST, rezilta i-Ready yo, pwogrè nan Entèvansyon Alfabetizasyon nan Nivo, mak sou evalyasyon nan nivo distri a, elatriye.
  - Pandan ane skolè a, lekòl la pral fasilite sesyon CLP, osi byen ke lòt opòtinite pou devlopman pwofesyonèl ki konsantre sou nouvo estanda yo, resous pou kourikoulòm lan, ak lòt pi bon pratik.
  - Lekòl la pral itilize divès sous pou finansman pou founi sesyon devlopman pwofesyonèl, resous, ak/oswa kouvèti pou bi sik antrènman, aprantisaj, planifikasyon, ak analiz evalyasyon.
  - Pwofesè yo pral bay fidbak nan bon moman ke elèv yo kapab aji sou li, k ap sòti nan siveyans evalyasyon fòmatif, epi yo pral gide elèv yo nan kontwòle pwogrè, tankou fikse objektif ak kominike akonplisman endividyèl.

**Domèn Konsantrasyon 2: Sou-gwoup ESSA** – Kòm yon sou-gwoup, elèv ki genyen andikap yo (SWD) p ap reyisi nan menm to a avèk kòwòt yo nan menm nivo skolè a nan lekti ak matematik.

- **Rezònman:** Si SWD yo genyen plis sipò endividyalize epi si nou bay plis asistans a pèsònèl ki asiye a yo, lè sa elèv yo nan sou-gwoup ki vize a pral demontre kwasans akademik.
- **Plan pou Aksyon:**
  - Genyen yon lòt pwofesè ESE an plis ak yon entèvansyonis ki disponib nan ane skolè 22-23 ak 23-24 la pou ede SWD yo.
  - Nou pral bay pwofesè ESE yo, parapwofesyonèl yo, ak pwofesè edikasyon jeneral yo opòtinite pou fòmasyon, ki konsantre sou diferansyasyon, estrateji efikas pou enstriksyon pou SWD yo, ak analiz done.
  - Lekòl la pral detaye wòl ak responsabilite pou pwofesè edikasyon jeneral yo ak sa ki founi sèvis fasilite sipò yo.
  - Nou pral pwograme tan entansyonèlman a pwofesè ESE yo pou yo rejwenn sesyon CLP yo avèk yon pi laj gam de ekip ak depatman nan nivo skolè yo.
  - Nou pral elaji opòtinite pou leson patikilye ak mantora pou sèten SWD nou idantifye ki ta benefisye de sa.

**Domèn Konsantrasyon 3: Kilti ak Anviwònman Pozitif** - Yon plan iSucceed (mwen Reyisi) pou tout lekòl la pral etabli yon Anviwònman Aprantisaj Kiltirèl (CLE) ki ekkitab, an sekirite, ak sansib, ki konsantre sou bati relasyon de konfyans, fòtifye konpetans lavi pou elèv yo, ak ankouraje reyisit akademik.

- **Rezònman:** Si lekòl la aplike yo plan pou siksè elèv milti-fasèt ki genyen ladan li mantora, Kilti Lekòl Inik, ak enstriksyon CLE, lè sa elèv yo pral demontre amelyorasyon akademik, konpòtmantal, ak nan konpetans lavi pandan ane skolè a.
- **Plan pou Aksyon:**
  - Lekòl la pral fè woutin siveyans endikatè elèv tankou prezans, mak, ak kondwit.
  - Ekip lidèchip lekòl la pral lanse yon pwogram mantora adilt kote manm yo reyini regilyèman ak elèv nou idantifye ak fanmi yo pou diskite pwogrè anvè bi endividyèl.
  - Nou pral bay manm pèsònèl yo fòmasyon kontinye nan PBIS, CHAMPS, Kilti Lekòl Inik, ak pwotokòl lekòl pou sekirite.
  - Pwofesè ak manm pèsònèl yo pral fasilite leson enstriksyonèl nan sal klas yo pou konpetans CLE ak konpetans lavi ki obligatwa yo.
  - Lekòl la pral itilize ensentif pou ede motive elèv yo reyalize bi kolektif ak endividyèl yo, epi sipòte plan ak evènman pou tout lekòl la ak chak nivo skolè.

**Resous:** Administrasyon, antrenè enstriksyonèl, entèvansyon Nivo 2 ak Nivo 3, entèvansyonis tan konplè kou pasyèl, konseye pedagogik, konseye sante mantal tan konplè ki baze nan lekòl la, dwayen/konseye kondwit, disponibilite entèvansyon ak materyèl enstriksyonèl ki baze sou prèv, resous teknolojik, lè CLP, evalyasyon ki kreye pa distri a, opòtinite pou devlopman pwofesyonèl nan nivo lekòl la, distri a, leta a, ak nasyonal la, ak finansman sibvansyon pou founi resous siplemantè.

*Apwouve pa Konsèy Konsiltatif Lekòl Palm Pointe nan jou 25 out 2022*